



YAYASAN KARYA BAKTI CABANG YOGYAKARTA
SEKOLAH MENENGAH PERTAMA
KARITAS NGAGLIK
TERAKREDITASI

Alamat : Nandan, Sariharjo, Ngaglik, Sleman, Yogyakarta (0274) 624813

PENILAIAN TENGAH SEMESTER GANJIL
TAHUN PELAJARAN 2024/2025

Mata pelajaran : BAHASA JAWA
Kelas : IX
Hari/ Tanggal : Rabu, 18 September 2024
Waktu : 10.30-11.30

I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulan jawaban a, b, c utawa d kang kok anggep bener dengan memberi jawaban a,b,c atau d pada kotak yang tersedia !!

1. Tlatar Boyolali wis dikenal dadi sawijining papan wisata. Papane rada ngalor sithik saka kutha Boyolali, adohe kira-kira 7 km. Sing disuguhake neng kana yaiku wisata alam. Nalika lunga rana, kari milih panggon mancing. Iwak sing dipancing maneka warna kayata iwak lele, nila, gurameh, kakap, bawal lan sapanunggalane

Saking paragraf ing inggil, kang nuduhake ukara tanduk inggih menika ukara

- A. Tlatar Boyolali wis dikenal dadi sawijining papan wisata
- B. Sing disuguhake neng kana yaiku wisata alam
- C. Nalika lunga rana, kari milih panggon mancing.
- D. Iwak sing dipancing maneka warna

2. Wacanen ukara ing isor iki! “Apa lan adhimu wis sinau unggah-ungguh basa Jawa?” Tembung kang trep kangge njangkepi ukara ingkang dereng rampung ing inggil inggih menika

- A. Kowe
- B. Dheweke
- C. Sampeyan
- D. Panjenengan

3. Gatekna pranyatan ing andhap iki!
- 1) Kita kedah nebihi dhaharan legi amergi mboten sae kagem kasarasan waja kita.
 - 2) Waja kita kedah disikat kaping kaleh sedinten utawi sawising dhahar.
 - 3) Kita kedah ngerawat waja kita piyambak.
 - 4) Waja kita kedah dipriksa saben 6 sasi sepisan
- Pranyatan ing inggil kang kalebu ukara tanggap inggih menika ukara nomer....
- A. 1 lan 2
 - B. 2 lan 4
 - C. 1 lan 3
 - D. 3 lan 4

kagem mangsuli pitakon nomer 4-5!

Sampah yaiku materi sisa kang ora dikarepake, sawise akhire dibuwang ing pambuwangan pungkasan (akhir). Sampah bisa ana ing saben materi: awujud padhet (padat), encer (cair), utawa gas. Sampah uga dadi masalah nomer siji ing Indonesia, saliyane pengangguran, lan sarana transportasi. Bencana banjir wis dadi langganan ana ing wewengkon tlatah Gresik, nanging isih akeh wong Gresik sing ora gelem sadhar yen mbuwang sampah iku kudu ana panggonane.

4. Wacan ing inggil kalebet jenis teks laporan asil observasi bagean
- A. Simpulan
 - B. Dhefinisi umum
 - C. Dheskripsi bagean
 - D. Dheskripsi manfaat
5. Ukara ingkang mboten trep (tidak cocok) kalian pranyatan ing inggil (No.4) inggih menika
- A. Sampah dadi siji-sijine masalah ing Indonesia
 - B. Banjir wis dadi langganan ana ing wewengkon tlatah Gresik
 - C. Sampah bisa awujud padhet (padat), encer (cair), utawa gas
 - D. Akeh wong Gresik sing ora gelem sadhar yen mbuwang sampah iku kudu ana panggonane.
6. Nalika tiyang mboten purun sadhar menawi mbuwang sampah niku kedah ing panggonane, saget ndadosaken
- A. Longsor
 - B. Gempa bumi
 - C. Virus covid 19
 - D. Bencana banjir

7. Gatekna ukara ing andhap iki!
1) Aku lagi nulis aksara Jawa
2) Ibu lagi masak ing pawon Ing inggil punika kalebet tuladha ukara
A. Tanggap
B. Tanduk
C. Prentah
D. Pitakon
8. Wacanen ukara ing andhap iki!
Malang salah sawijining kutha ing Jawa Timur, akeh maneka warna usaha indhustri omahan kang bisa ditemoni. Tembung kang nunjukake menawi ukara ing inggil kalebet ukara tanggap yaiku
A. Indhustri
B. Omahan
C. Ditemoni
D. Maneka
9. Gatekna ukara ing andhap iki!
1) Kula badhe tumbas woh-wohan kados ta: pelem, nanas, pisang, kaliyan anggur.
2) Sampeyan punapa sampun sumerep griya kula, sapunika semah kula sampun wangsul. Ukara ing inggil punika ngagem basa
A. Ngoko lugu (wantah)
B. Ngoko alus (andhap)
C. Krama lugu (madya)
D. Krama alus (inggil)
10. Wacanen ukara ing andhap iki!
“Ing sekolahan aku ... jam 06.30 WIB, menawi bu guru ... jam 06.00 WIB.”
Tembung kang trep kagem njangkepi ukara ingkang dereng rampung ing inggil inggih menika
A. Teka, rawuh
B. Rawuh, dugi
C. Teka, teka
D. Dugi, teka
11. Wacanen ukara ing andhap iki!
“Sawise nyeluk adhiku, budhe terus tak kongkon lungguh ndik ruang tamu.
Ukara kasebut ngagem basa
A. Ngoko lugu
B. Ngoko alus
C. Krama lugu
D. Krama alus

12. Wacanen ukara ing andhap iki!
 Kartika : Ana apa kok mlayu-mlayu?
 Damar : Pak Guru wis teka.
 Wangsulane Damar yen didadosake basa krama alus inggih menika
 A. Pak Guru dereng teka.
 B. Pak Guru mboten dugi.
 C. Pak Guru sampun rawuh.
 D. Pak Guru sampun dhateng.
13. Wacanen ukara ing andhap iki!
 “Kowe apa wes mangan isuk mau?.” Ukara kasebut yen didadosake basa krama lugu (madya) inggih menika
 A. Panjenengan napa sampun dhahar enjing wau?
 B. Panjenengan napa wis mangan enjing wau?
 C. Sampeyan napa sampun nedha enjing wau?
 D. Sampeyan napa wes dhahar enjing wau?
14. Rama iku paraga kesenian khas Jawa Timur, kang wujud drama tradisional, kerakyatan, ana tari Rema, kidungan, banyolan, gendhing jula-juli lan critane bebas. Manut wacan ing inggil, Rama minangka paraga kesenian
 A. Film
 B. Tayub
 C. Ludruk
 D. Wayang
15. Prapto iku paraga kesenian drama tradisional, kang iringane gendhing kulonan, ana keprak/Kenthongane, biasane lakone panguripan keluarga Kerajaan Manut wacan ing inggil, Prapto minangka paraga kesenian
 A. Ketoprak
 B. Wayang
 C. Ludruk
 D. Tayub

Evan Dimas Darmono utawa kang kaloka kanthi jeneng Evan Dimas iki lahir ing Surabaya tanggal 13 Maret 1995. Ivan kang nduweni Zodiak Aries iki putra saka bapak Darmono lan ibu Ana. Pak Darmono minangka security ing salah siji perumahan elit kawasan Surabaya Barat, senajan saka keluarga kang sederhana ananging semangat Evan kanggo gawe bombong ati bapak lan ibune lumantar sepak bola ora luntur. Miturut Evan kang nate sekolah ing SMA Shafta Lontar Citra iki bal-balan wis dadi cita-citane wiwit cilik.

16. Evan Dimas miyos ing kutha :
 A. Sidoarjo
 B. Surabaya
 C. Gresik
 D. Mojokerto

17. Evan Dimas lair saka keluarga kang sederhana. Bapake ngasta minangka :
- Kuli bangunan
 - Pegawai kantor
 - Pegawai Negeri Sipil
 - Security.
18. Basa krama alus digunaake ...
- wong wadon marang bojone
 - wong biasa sing durung akrab
 - wong sedrajad sing padha ngajeni banget
 - wong drajade luwih dhuwur marang singluwih endhek
19. Ibu arep ngombe kopi panas. Krama inggil ukara iku yakuwi...
- Ibu arep ngunjuk kopi panas
 - Ibu badhe ngunjuk kopi benter
 - Ibu badhe ngombe kopi benter
 - Ibu badhe ngunjuk kopi panas
20. Budi mau ditimbali gurune. Ukara iki nganggo basa apa?
- ngoko lugu
 - krama lugu
 - ngoko alus
 - krama alus
21. (1) digunaake kanca padha kanca akrab
 (2) \ basane ngoko dicampuri krama inggil
 (3) ater-ater lan panambanag dikramaake
 (4) tembung sing dikramaake: wonge, panindake, barang kaduwekane
 Sing dadi ciri-ciri ngoko alus:
- 1,3
 - 2,4
 - 1,4
 - 2,3

Wacanen kang patitis!

Dadia tirakatmu anak-anakku
 Yen dina iki ora ana upa
 Kowe padha ora mangan sega
 Kejaban gegelan tela
 Tamba ngelih panguwaraning atimu
 Dadia tirakatmu anak-anakku
 Sewengi ngrungu udan kumricih
 Padha ndhekep weteng ngelih
 Kemul omah gombaling biyungmu
 Ing gubuh trocah gubuge bapakmu

22. Tembung “Tirakat” nduweni teges
A. Seneng
B. Susah
C. Prihatin
D. Mulya
23. Padha ndhekep weteng ngelih. Tembung “ngelih” tegese
A. Luwe
B. Lara
C. Wareg
D. Mangan
24. Yen arep matur marang wong liya kamangka wong iku mau lagi ngendikan prayogane.....
A. Ngenteni nganti ngendikane rampung
B. Enggal matur, ora perlu ngendikane rampung
C. Yen perlu nyela sanajan ngendikane during rampung
D. Cepet – cepet matur , sing sora supaya aturmu dirungokake
25. Wong guneman iku prayogane
A. Guneman sing becik lan seperlune wae
B. Guneman sing sora supaya kabeh wong krungu
C. Kabeh kudu diomongke sanajan ora perlu, supaya marem
D. Guneman kudu manut karepe dhewe
26. Yen ora sarujuk karo panemune wong liya prayogane
A. Ora perlu digatekake, Amarga ora sarujuk
B. Perlu digatekake nanging sing perlu wae
C. Tetep nggatekake lan ngormati
D. Digatekake ora perlu ngormati
27. Ing sawijining rapat, ana bab sing wis dadi keputusan nanging sejatine bab iku mau ora cocok karo panemumu, kepriye becike ?
A. Ora perlu ditindakake amarga ora setuju
B. Perlu ditindakake nanging mung yen gelem wae
C. Perlu ditindakake nanging mung yen dikon pimpinan rapat
D. Kudu ditindakake amarga
28. Sliramu ora sarujuk karo panemune pimpinan rapat, olehmu matur becike
A. Wah, pamanggih panjenengan menika lepat, mboten ngaten niku!
B. Nyuwun sewu, ngendika panjenengan niku klentu!
C. Nyuwun pangapunten Pak, menawi pamanggih kula makaten !
D. Nyuwun pangapunten Pak, ingkang leres menika pamanggih kula!

29. Wong guneman iku becike
- A. Ora perlu nggatekake wong liya
 - B. Kudu nggatekake sapa sing diajak guneman
 - C. Sing perlu digatekake sing wis tepung wae
 - D. Sing digatekake mung wong sing gelem nggatekake guneman dhewe
30. Yen panemumu ora disarujuki dening wong liya, prayogane
- A. Ora perlu nerusake rapat
 - B. Njaluk supaya didadekake Keputusan
 - C. Meksa supaya kabeh nyetujoni
 - D. Kudu legawa